**दिन–सोमवार** **दिनांक–21.10.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राज्यक नव नियुक्त एक हजार दू सय उनचालीस पुलिस अवर निरीक्षक–दारोगा के नियुक्ति पत्र सौंपलनि। गृह विभाग आ पुलिस मुख्यालय द्वारा पटना के बापू सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे श्री कुमार नियुक्ति पत्रक वितरण कयलनि। एहि अवसर पर राज्य मे पहिल बेर ट्रांसजेंडर पुलिस अवर निरीक्षक लोकनि के सेहो नियुक्ति पत्र सौंपल गेल। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको वरिष्ठ प्रशासनिक आ पुलिस अधिकारी उपस्थित छलाह।

---

आइ पुलिस संस्मरण दिवस अछि। एकैस अक्टूबर उनैस सय उनसठि मे भारत–चीन सीमा पर लद्दाख मे केन्द्रीय रिजर्व पुलिस बल–सीआरपीएफ के दस जवानक शहीद हेबाक स्मरण मे ई दिवस मनाओल जायत अछि। एम्हर, पटना स्थित बिहार पुलिस मुख्यालय मे आयोजित कार्यक्रम मे शहीद पुलिसकर्मी लोकनि के श्रद्धांजलि देल गेल। विभिन्न जिला मुख्यालय सभ मे आयोजित कार्यक्रम मे वरीय पुलिस अधिकारी आ आन गणमान्य लोकनि कर्तव्यक निर्वहन के दरमियान वीरगति के प्राप्त पुलिसकर्मी लोकनि के श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल।

---

राज्यक चारि विधानसभा सीटक लेल भऽ रहल उप चुनाव मे नामांकनक काज तेज भऽ गेल अछि। कैमूर जिलाक रामगढ़ विधानसभा क्षेत्र सँ दुनू प्रमुख गठबंधनक प्रत्याशी लोकनि आइ अपन नामांकन दाखिल कयलनि। एनडीए समर्थित भाजपा उम्मीदवार अशोक कुमार सिंह अपन नामांकन दाखिल कयलनि। ओतहि, महागठबंधन सँ राजद प्रत्याशी अजीत

कुमार सिंह सेहो अपन नामांकन दाखिल कयलनि अछि। अजीत कुमार सिंह राजद प्रदेश अध्यक्ष जगदानन्द सिंह के पुत्र छथि।

——————————————————

जदयूक वरिष्ठ नेता आ जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी दावा कयलनि अछि जे उप–चुनाव मे सभ चारू सीट पर एनडीए गठबंधनक उम्मीदवार लोकनिक जीत होयत। श्री चौधरी समस्तीपुर मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत कहलनि जे केन्द्र आ राज्य सरकारक विकास के काज सँ प्रदेशक जनता संतुष्ट अछि।

——————————————————

जम्मू कश्मीरक गांदरबल के गगनगीर क्षेत्र मे रविदिन भेल आतंकी घटना मे राज्यक तीन मजदूर के मृत्यु भऽ गेलनि। एहि मे सँ दू मधेपुरा जिलाक रहऽबला छथि। मृत्युक संवाद भेटबा पर शंकरपुर थाना क्षेत्रक रामपुरलाही आ भर्राही थाना क्षेत्रक चौरा गाम मे शोक व्याप्त भऽ गेल अछि। एम्हर, जनतबक अनुसार एनआईए के टीम एहि आतंकी घटना के जाँच शुरू कऽ देलक अछि।

——————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जम्मू कश्मीरक गांदरबल मे आतंकी हमला मे मारल गेल राज्यक तीन श्रमिक लोकनिक प्रति अपन शोक संवेदना व्यक्त कयलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि घटना सँ ओ दुखी छथि। श्री कुमार तीनू मृतकक आश्रित परिजन के मुख्यमंत्री राहत कोष सँ दू–दू लाख टाका देबाक घोषणा कयलनि अछि। संगहि राज्य सरकारक योजना सभ सँ आन लाभ देल जयबा के लऽकऽ अधिकारी लोकनि के निर्देश देल गेल अछि।

——————————————————

राज्यक प्रथम मुख्यमंत्री आ बिहार केसरी डाक्टर श्री कृष्ण सिंह के आइ जयंती छथि। एहि अवसर पर प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कयल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पटना स्थित मुख्य सचिवालय मे आयोजित राजकीय समारोह मे श्री कृष्ण सिंह के प्रतिमा पर श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि। एहि अवसर पर कतेको गणमान्य लोकनि उपस्थित

छलाह। एम्हर, कांग्रेस प्रदेश मुख्यालय सदाकत आश्रम मे आयोजित विशेष कार्यक्रम मे पार्टीक वरिष्ठ नेता आ कार्यकर्ता लोकनि श्री कृष्ण सिंह के प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कयलनि।

——————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक वाल्मीकिनगर टाइगर रिजर्व मे आइ सँ पर्यटन सत्रक औपचारिक शुरूआत कयल गेल। मंगुराहा पर्यटन केन्द्र मे वीटीआर के वन संरक्षण सह क्षेत्र निदेशक डॉक्टर नेशामणि हरियर झंडी देखाकऽ जंगल सफारी के शुभारम्भ कयलनि।

——————————————————

राज्यक पहिल ड्राई पोर्ट के शुरूआत भऽ गेल अछि। उद्योगमंत्री नीतीश मिश्रा आइ पटना जिलाक बिहटा स्थित आईसीडी मे एकर उद्घाटन कयलनि। श्री मिश्रा रूस के लेल कंटेनर ट्रेन के हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। आकाशवाणी सँ गपशप करैत ओ कहलनि जे एहि सँ राज्य मे वैश्विक व्यापार के बढ़ेबा मे आ अंतर्राष्ट्रीय व्यापार मे राज्यक उद्यमी लोकनिक सोझे पहुँच बनेबा मे विशेष सहायक होयत।

——————————————————

ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे सरकार देशभरिक छओ लाख छब्बीस हजार सँ बेसी ग्राम सभ मे भूमि अभिलेखक कम्प्यूटरीकरण कयलक अछि। श्री चौहान आइ नव दिल्ली मे एक कार्यक्रम के दरमियान ई जनतब देलनि।

——————————————————

बेगूसराय जिलाक नगर थाना क्षेत्र अंतर्गत एक गहना दोकान मे अपराधी सभ गोलीबारी आ लूटपाट कयलक। पुलिस अधीक्षक मनीष जनौलनि जे लगभग तीस सँ पैंतीस लाख टाका के गहना के लूट भेल अछि। ओ जनौलनि जे एहि घटना मे चारि हथियारबंद अपराधी सम्मिलित छल। स्थानीय लोक आ दोकानदार के साहस के कारण दू अपराधी के पकड़ि लेल गेल। एसपी जनौलनि जे पकड़ल गेल अपराधी सभ सँ पूछताछ कयल जा रहल अछि। फरार दू अपराधी के तलाश मे छापामारी सेहो जारी अछि।

——————————————————

समाप्त